

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Méthode jeung Téhnik Panalungtikan

3.1.1 Metodé Panalungtikan

Méthode panalungtikan mangrupa cara ilmiah pikeun meunangkeun data kalayan tujuan jeung kagunaan nu tangtu (Sugiyono 2:2011).

Dina ieu panalungtikan baris ngadéskripsikeun karakteristik tokoh Pandawa. Kukituna métode anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta métode déskriptif. Anu dimaksud métode deskriptif nyaéta panalungtikan anu dipaké pikeun ngadéskripsikeun jeung ngajawab pasualan-pasualan hiji fénoména atawa peristiwa dina kajadian kiwari. Tujuannana nyaéta ngajelaskeun sacara sistematis, faktual, jeung akurat ngeunaan fakta-fakta jeung sifat-sifat populasi atawa daérah nu tangtu (Arifin 54:2011). Tujuan tina ieu panalungtikan nyaéta ngadéskripsikeun karakter tokoh Pandawa dina carita Mahabarata pikeun bahan pangajaran di SMA.

3.1.2 Téhnik Panalungtikan

3.1.2.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik panalungtikan mangrupa léngkah stratégiis lantaran tujuan utamana nyaéta meunangkeun data. Tanpa apal téhnik panalungtikan, maka panalungtik moal bakal bisa meunangkeun standar data anu ditetepkeun. (Sugiyono 224:2011).

Téhnik panalungtikan anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta studi pustaka, wawancara jeung dokuméntasi.

1) Studi Pustaka

Niténan hal-hal anu aya pakuat-pakaitna jeung objék anu baris ditalungtik ngaliwatan buku-buku sumber anu jadi référénsi. Nyaéta buku-buku ngeunaan karakteristik tokoh, carita wayang, pangajaran jrrd.

2) Wawancara

Wawancara pikeun meunangkeun informasi tina objék anu ditalungtik dina panalungtikan (Suyatna 20:2002). Dina ieu téhnik ngawawancara tokoh anu jadi sumber data anu bisa méré informasi anu dibutuhkeun ku panalungtik.

3) Dokuméntasi

Dokuméntasi nyaéta néangan data ngeunaan hiji hal atawa variabel anu mangrupa catetan, transkrip, buku, majalah, prasasti jrrd. (Arikunto 274:2010). Dokuméntasi dina ieu panalungtikan nyaéta buku ngeunaan hal anu ditalungtik.

3.1.2.2 Téhnik Ngolah jeung Nganalisis Data


Téhnik ngolah jeung nganalisis data dina ieu panalungtikan nyaéta:

- 1) Ngumpulkeun data anu dipibeunang ngaliwatan kajian pustaka, wawancara, jeung dokuméntasi.
- 2) Ngadata saha baé anu kaasup tokoh Pandawa dina carita wayang.

- 3) Ngadéskripsikeun karakteristik tokoh Pandawa.
- 4) Ngadéskripsikeun ajén moral dina katakteristik pandawa.
- 5) Nyieun kacindekan dumasar hasil analisis pikeun nyusun bahan ajar.

3.2 Desain Panalungtikan

Desain ieu panalungtikan kagambar sakumaha bagan di handap:



Gambar 3.1 Desain Panalungtikan

3.3 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan mangrupa komponén dina panalungtikan. Instrumén nyaéta alat anu dipaké dina ngumpulkeun data sangkan leuwih gampang jeung hasilna leuwih hadé (Arikunto 2003:2010). Instrumén/alat ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta:

1) Pedoman wawancara

Pedoman wawancara kawilang penting nalika wawancara sangkan leuwih ngagampangkeun dina meunangkeun informasi. Patalékan anu aya dina tabél ngan saukur gurat badagna. Lantaran di lapangan bisa leuwih ngalegaan deui.

Tabél 3.1 Daftar Patarosan

No.	Patalékan
1.	Saha nu kaasup tokoh Pandawa téh?
2.	Kumaha karakteristik Yudistira?
3.	Kumaha karakteristik Bima?
4.	Kumaha karakteristik Arjuna?
5.	Kumaha karakteristik Nakula?
6.	Kumaha karakteristik Sadéwa?

2) Rékorder/alat ngarékam

Rékorder dibutuhkeun pisan sabab bisa ngagampangkeun dina meunangkeun informasi ti informan. Saumpama aya nu poho bisa nyetél deui hasil wawancara.

3) Kamera/vidéo

Ngalengkepan data dokuméntasi mangrupa gambar atawa video.

Salian ti pedoman wawancara, alat rékam jeung kaméra/foto. Dina ieu panalungtikan ogé maké instrumen data tabulasi pikeun ngagampangkeun dina ngadata hasil analisis.

Tabél 3.2 Ajén Moral dina Karakter

NO	Tokoh		Ajén Moral		Kaca
	Ngaran	Karakter	H	G	

$$\% = \frac{\text{jumla h indikator}}{\text{jumla h nomer}} \times 100$$

3.4 Sumber Data

Sumber data nyaéta subjék data bisa dipibeunang (Arikunto 172:2010). Dina ieu panalungtikan anu jadi sumber data téh nyaéta buku carita Mahabarata karangan Wyasa sarta pikeun leuwih euyeub deui ditambah ku dalang. Dalang anu dipilih nyaéta dalang Jojo Hamzah anu padumukannana di Kuningan.

Tabél 3.3 Format Data Informan

Data Informan	
1. Wasta	:
2. Jenis kelamin	:

- | | |
|-----------------|---|
| 3. Yuswa | : |
| 4. Status Kawin | : |
| 5. Alamat | : |
| 6. Pakasaban | : |
| 7. Atikan | : |

3.5 Léngkah Panalungtikan

3.5.1 Léngkah Tatahar

Léngkah panalungtikan dina tatahar nyaéta:

- 1) Nangtukeun masalah panalungtikan.
- 2) Nyusun proposal panalungtikan.
- 3) Ngajukeun proposal panalungtikan.

3.5.2 Léngkah Ngumpulkeun Data

Dina ngumpulkeun data aya sababara léngkah di antarana:

- 1) Nangtukeun buku carita anu rék dianalisis.
- 2) Nangtukeun dalang pikeun wawancara.
- 3) Ngalakukeun wawancara.
- 4) Ngadokuméntasikeun data anu geus dipimeunang.

3.5.3 Léngkah Ngolah Data

Sanggeus data kakumpul, léngkah saterusna nyaéta ngolah data, diantarana:

- 1) Niténan data nu geus dikumpulkeun;
- 2) Nganalisis jeung ngadéskripsikeun;
- 3) Nyieun kacindekan tina data anu geus katalungtik.

3.5.4 Léngkah Nyusun

Léngkah saterusna nyaéta nyusun laporan anu jadi léngkah pamungkas dina ieu panalungtikan. Timimiti ngumpulkeun data, ngolah data nepika jadi informasi anu disusun sacara sistematis.

